



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY "RETOUSE MANCH OU" POU ANKOURAJE TANP ADORASYON TOUT KATEGORI RELIJE YO POU ENSKRI KÒM SIT VAKSINASYON

Gouvènè a mande founisè medikal yo pou yo ofri tèt yo kòm volontè pou fè patenarya avèk Tanp Adorasyon yo pou reyalize klinik vaksinasyon, pou ankouraje Angajman Eta a pou asire jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an

Gouvènè a reyitè apèl li a bay lidè relije nan tout kategori relije yo pou fè patenarya avèk Eta a epi etabli sit vaksinasyon anplis yo; depi 8 mas, fòmilè entènèt la deja idantifye plis pase 200 nouvo tap adorasyon ki gen volonte pou sèvi kominote yo a

Founisè medikal ak tanp adorasyon ki enterese yo kapab enskri [isit la](#)

Li bati sou efò Eta a pou pote vaksen an bay kominote ki defavorize yo ak konbat ezitasyon pou vaksen an atravè tanp adorasyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Kanpay "Retouse Manch Ou (Roll Up Your Sleeve)" pou ankouraje tanp adorasyon tout kategori relije nan tout Eta a pou enskri kòm sit vaksinasyon pou kominote yo a. Tout tanp adorasyon yo kapab kòmanse sèvi kòm pwen distribisyon pou vaksen COVID la apati premye avril, sa ki ap ogmante yon fason siyifikatif kantite dòz yo kapab administre a. Nan kad nouvo kanpay sa a, yo ap mande founisè medikal yo pou yo ofri tèt yo volontèman pou fè patenarya avèk tanp adorasyon yo pou reyalize klinik vaksinasyon yo, sa ki ap fè avanse angajman Eta a pou asire jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an.

Li bati sou efò Eta a pou pote vaksen an bay kominote ki defavorize yo ak konbat ezitasyon pou vaksen an atravè tanp adorasyon yo. Gouvènè a te ankouraje oparavan lidè relije nan tout kategori relije yo pou yo fè patenarya avèk Eta a pou etabli sit vaksinasyon tanporè nan etablisman yo a, epi depi 8 mas, plis pase 200 nouvo tanp adorasyon te enskri pou sèvi kominote yo a. Tanp adorasyon yo nan tout kategori relije yo elijib pou sèvi kòm pwen distribisyon pou vaksen COVID la. Founisè medikal ak tanp adorasyon ki enterese yo kapab enskri [isit la](#)

"Lidè relijye yo se vwa yo plis fè konfyans nan kominote respektif yo a, epi avèk èd yo, nou pral kapab atenn Nouyòkè sa yo ki te sibi pi plis anba pandemi sa a epi pote vaksen an bay kominote yo ki te frape pi rèd anba COVID la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Atravè inisyativ kolaboratif sa a, nou pral asire nou ke yo pa kite okenn katye dèyè nan faz vaksinasyon nan konba ki ankou a. Nou gen yon devwa pou asire ke distribisyon vaksen an jis ak ekitab dekwa pou kominote nou yo ki te sibi pi plis anba pik pandemi an pa frape ankò anba yon lòt enjistis."

Reveran Al Sharpton, ki se Fondatè ak Prezidan Rezo Aksyon Nasyonal la (National Action Network), te deklare, "Tanp Adorasyon yo se espas refij ak konfyans tou epi pa gen okenn pi bon espas pou fè moun retouse manch yo an tout konfyans. Nou bezwen Lidè Fwa pou pwofite moman an ak ede sove lavi moun ki angaje pou sèvi yo".

Eta New York te kontinye ogmante kantite sit tanporè yo ki deplwaye atravè Eta a. Depi 15 janvye, plis pase 160 sit kominotè tanporè te administre plis pase 62,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

Etablisman anpil nan sit vaksinasyon sa yo te vini posib atravè patenarya yo avèk anpil founisè swen sante piblik ak prive. Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo.

Devlopman kontini sa a nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo fè avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)